

DRAPO, DESEN AK SÈNBOL REPIBLIK D AYITI

ATIK 1 :
PEYI DAYITI SE YON REPIBLIK, TÈ LI PA KA SEPARÈ. PEYI DAYITI SEL MET LAKAY LI. LI ENDEPANDAN. LI FAVORISE **TÈT ANSANM** TOUT SITWAYEN. LI DEMOKRATIK. LI CHACHE KORESPONN BEZWEN TOUT SITWAYEN

WOY !
Sa-a, se pa **TÈT** ansanm nap pale a non !



ATIK 2 :
KOULÈ DRAPO PEYI DAYITI SE BLE E WOUJ

ATIK 4 :
DEVIZ PEYI-A SE: LIBÈTE, EGALITE, FRATERNITE

ATIK 4-1 :
CHANTE OFISYEL PEYI-A SE LADESALINYÈN

ATIK 3 :
DRAPO PEYI D AYITI



ATIK 1-1 : SE VIL PÒTOPRINS KI **KAPITAL** PEYI DAYITI. SE LA GOUVENMAN AN CHITA. MEN SI TA GEN REZON POU SA, YO TA KA TABLI'L YON LOT KOTE.

Fòk LATIBONIT ta fè yon kout **KAPITAL** tou, wi !

Wè ! Nou ta sispann manje **DIRI** pèpè !



ATIK 5 :
TOUT AYISYEN PALE KREYÒL. **KREYÒL AK FRANSE** SE **LANG OFISYEL** REPIBLIK DAYITI

E pou ki sa **KONTRAVANSYON** yo se an **FRANSE** yo ekri?



ATIK 6 :
LAJAN KI SEVI AN AYITI SE **GOUD**. **GOUD** LA DIVIZE AN

DOLA pa ladan !

Santim se **RAT** legliz!




Atik 7 la **SE** **POU** **TIMOUN** tou, **TANDE !**



ATIK 7 : OKENN CHEF PA GEN DWA EKZIJE MOUN MET A JENOUDEVANLL....NI YO PA GEN DWA **METE NON** OU BYEN **POTRE** OKENN MOUN KI **VIVAN** TOUJOU, SOU **OKENN LAJAN**, **TINM** LAPOS, **PAPYE** LETA, OU **BATIMAN** LETA. NI YO PA GEN DWA BAY OKENN **RI** NI **MONIMAN** POTE NON YON MOUN KI **VIVAN** TOUJOU

SAW **DI** **CHERI** ?

M **DI** **OU** **PA** **LEGAL** **KÒKÒT !**



ATIK 7-1 : SEL LA CHANM GEN DWA OTORIZE YO SEVI AK POTRE YON MOUN KI MOURI.

ZILE GWOSKAY, SE AN AYITI ?

ATIK 8-1:

TOUT TERITWA A LWÈS FRONTYE-A ANSANM AK TOUT ZIL KI ANTOUREL, KIDONK:

- LAGONAV
- LATOTI
- LILAVACH
- LANAVAZ
- GWOSKAY

AK TOUT LOT ZILE YO JWENN NAN LANMÈ KI ANTOURE TERITWA

ATIK 8-2:

LANMÈ KI ANTOURE PEYI-A SELON LIMIT KI GARANTI DWA EKSKLIZIF LI.


ATIK 8-3:

SYÈL ANLÈ, KI KOUVRI LANMÈ AK TÈ DAYITI; NAN NO SE OSEYAN ATLANTIK KI LIMITE'L, NAN SID AK NAN LWÈS, SE LANMÈ KARAYIB.

ATIK 8-4:

OKENN LOT PEYI PA GEN DWA RANTRE SOU TERITWA PEYI DAYITI. YO PA GEN DWA ANGAJE OKENN KONTRA AK REGLEMAN AVEK LOT PEYI.

ATIK 8: MEN KI TERITWA KI FÒME REPIBLIK DAYITI:



ATIK 9:
PEYI DAYITI DIVIZE AN DEPATMAN. DEPATMAN DIVIZE AN AWONDISMAN.

AWONDISMAN DIVIZE AN KOMIN...

YON KOMIN
SEKSYON KOMINAL, KOMINAL
SEKSYON KOMINAL

KOMIN DIVIZE AN SEKSYON KOMINAL.



SA KI FÈ YON MOUN SE AYISYEN (1)

ATIK 11 : DEPI **PAPA** OU BYEN **MANMAN** YON MOUN, TE **FÈT** AYISYEN, MOUN SA-A SE AYISYEN LI YE, DEPI **PAPA** A AK **MANMAN** AN PA TE **JANM MANDE** POU YO PA AYISYEN ANKÒ, ANVAN MOUN SA A TE FÈT.



Dyalo **MONCHÈ**, **ATIK 12.1** baw dwa **VOTE**... Men **ATIK 12.2** kanpe ankwa douvan **ANBISYON** prezidansyèl ou!

FRÈÈR !
DÈY
KOUVRI
LAKANSYÈL
mwen !



ATIK 12 :

YON
ETRANJE
KAPAB **VIN**
AYISYEN.

ATIK 12.1 :

YON **ETRANJE**, KI **PASE** **SENK** (5) **ANE**, **YOUN** **DÈYÈ** **LOT**, **NAN** **PEYI** **D** **AYITI**, **KAPAB** **VIN** **AYISYEN**, **SELON** **REGLEMAN** AK **LWA** **PEYI** **A**


ATIK 12.2 :

YON **MOUN** **KI** **VIN** **AYISYEN**, **SAN** **LI** **PA** **TE** **FÈT** **AYISYEN**, **GEN** **DWA** **VOTE**. **MEN** **LI** **VA** **TANN** **5** **ANE**, **APRE** **LI** **VIN** **AYISYEN**, **POU** **LI** **KAPAB** **AL** **NAN** **ELEKSYON**, **EKSEPTE** **SI** **PLAS** **SA** **YO** **REZEVE** **POU** **AYISYEN** **NATIF** **NATAL** **SELMAN**

ATIK 13 : **YON MOUN VIN PA AYISYEN ANKÒ:**

- 1 LÈ LI VIN SITWAYEN YON LÒT PEYI.
- 2 LÈ LI AKSEPTE YON PLAS **POLITIK** LAN YON **GOUVENMAN** **ETRANJE**.
- 3 LÈ LI **RETE** 3 LANE, **YOUN** **DÈYÈ** **LOT**, **ALETRANJE**, **SI** **LI** **PA** **TE** **FÈT** **AYISYEN**, **SÒF** **SI** **LI** **JWENN** **BON** **JAN** **PÈMISYON** **POU** **SA**, **NAN** **MEN** **OTORITE** **PEYI** **A**. **SI** **YON** **MOUN** **KI** **PA** **TE** **FÈT** **AYISYEN**, **VIN** **PA** **AYISYEN** **ANKÒ**, **NAN** **KONDISYON** **SA** **A**, **LI** **PAP** **JANM** **KA** **TOUNEN** **AYISYEN** **ANKÒ**.

Eske atik 13, 14 ak 15 yo pa yon **KOUT PONYA NAN DO** ak yon **KANPE LWEN** pou tout **AYISYEN** ki te oblije **PRAN LÒT** nasyonalite pou yo ka **VIV**



OU TCHEKE
ki sa vèsyon **FRANSE** a di ?

ATIK 14 :

YON **AYISYEN**, **KI** **TE** **VIN** **PA** **AYISYEN** **ANKÒ**, **KAPAB** **TOUNEN** **AYISYEN**, **DEPI** **LI** **FÈ** **TOUT** **SA** **LALWA** **MANDE** **YON** **ETRANJE** **KI** **VLE** **VIN** **AYISYEN.**

Kilè na gen **DOUB** **NASYONALITE** tan kou **TOUT** **PEYI** kap **VANSE** ?



Lè na **CHANJE** konstitisyon an !



ATIK 15 :
YON **AYISYEN** **PA** **JANM** **KAPAB** **VIN** **SITWAYEN** **YON** **LÒT** **PEYI** **EPI** **POU** **LA** **RETE** **SITWAYEN** **AYISYEN**, **AN** **MENM** **TAN.**

An atandan...**BOURIK** la rele **DIASPORA** e **KAWÒT** la rele **DOUB NASYONALITE**



TOUJOU SOU SA KI FÈ YON MOUN SE AYISYEN



ANKÒ SOU SA KI FÈ YON MOUN SE SITWAYEN



ATIK 19 :

LETA DWE DEGAJEL, TOUT JAN TOUT MANYÈ, POU TOUT AYISYEN JWENN LAVI, LASANTE AK RESPÈ. TOUT MOUN GEN DWA JWENN, JAN SA PALE NAN DEKLARASYON NASYONZINI TE FE SOU DWA TOUT KRETYEN VIVAN



ATIK 20 : KONDANASYON A MÒ KABA POU TOUT REZON !



ATIK 21 :

YON AYISYEN FE KRIM TRAYI PEYI... ...LÈ LI VÒLÈ BYEN LETA KI SOU KONT LI, ETAN LI NAN YON PLAS LETA, LÈ LI PA RESPEKTE KONSTITISYON, ETAN LI ANCHAJE FÈ RESPEKTE L.



ATIK 21.1 : YON AYISYEN KI TRAYI PEYI LI, DWE KONDANE POU LI TRAVAY AVI POU LETA NAN TRAVO FÒSE, SAN YO PA JAMN GEN DWA FÈ L GRAS



ATIK 22 :

LETA REKONÈT TOUT SITWAYEN GEN DWA POU JWENN BON KAY POU YO RETE, DWA POU JWENN BON LEKÒL AK EDIKASYON. DWA POU YO JWENN DEKWA POU YO KAPAB MANJE. DWA POU LETA EDE TOUT SITWAYEN VIV KOREKTEMAN.



ATIK 23 :

LETA VA DEGAJE L POU TOUT SITWAYEN RIVE JWENN SA KI NESESÈ POU LI PA MALAD, AK TOUT SA KI NESESÈ POUL REFÈ SI LI VIN MALAD. SE POU SA, LETA DWE TABLI LOPITAL, SANT SANTE, AK DISPANSÈ TOUT KOTE LAN PEYI A.

NAN KI KONDISYON YO KA ARETE OU



ATIK 24 :
LETA ANCHAJE GARANTI AK PWOTEJE LIBÈTE CHAK MOUN.

ATIK 24.1 :
YO PA GEN DWA NI KOURI DÈYÈ YON MOUN NI ARETE L, NI METE L NAN PRIZON SAN SE PA POU YON REZON LA LWA PREVWA, AK JAN LA LWA DI SA DWE FÈT.



Chèf... m arete-l pou **BWA NENL** ki make **VOLE !**

ATIK 24.2 : YO PA GEN DWA ARETE PÈSON NI YO PA GEN DWA FÈMEN PÈSON MOUN NAN PRIZON SAN SE PA AK YON MANDA YON OTORITE LALWA BAY POUVWA EKRI MANDA SA A...



Manda Rakèt ?
Se **ISYE A** ak **KAZEK LA** ki voye mwen arete-w !

Depi se pa yon **JIJ** ki **SIYEN** yon Manda li **PA VALAB !**

...SÒF SI YO TA BARE MOUN NAN, LE LI TAP POZE ZAK SA-A, OSINON LE LI FINI FÈ ZAK LA.



Se yon Poulè-Deskiwon wi !
M-te vle wè **SI SE VRE** sa **SWITMIKI** di nan **CHANTE** a !

ATIK 24.3 - MEN KI SA KI NESESÈ POU YO GEN DWA SEVI AK MANDA SA A :

1) REZON KI FÈ YO ARETE YON MOUN OU BYEN REZON KI FÈ YO FÈMEN YON MOUN NAN PRIZON, SE POU MANDA A ESPLIKE SA KLÈ, NI AN KREYOL, NI AN FRANSE...



Toudabò mwen **PA PALE FRANSE.** Atik 24.3 !

...MANDA A DWE DEKLARE TOU, KI LWA KI PINI AJISMAN SA A.



Sak pi rèd la...
MANDA a pa di ki lwa ki **PINI** moun kap bati kay nan ravin !

2) YO DWE BAY MOUN NAN YON KOPI LE YAP EKZEKITE MANDA A



Kopi paw la ?
fotokopi tribinal la pa mache...

Retourne a sè **PARAN !**

3) FÒK YO FÈ MOUN YO AKIZE A KONNEN, LI GEN DWA PRAN YON AVOKA DEPI KÒZ LA KOMANSE JISTAN JIJMAN AN FINI NÈT



Yon **ZABOKA** ?
Jan sa ye la-a,, se **PLIZYÈ ZABOKA** mwen bezwen !

4) YO PA GEN DWA ARETE PÈSON MOUN, OSINON FOUYE LAKAY LI, ATA AK MANDA, ANT SIZ È (6 ZE) NAN ASWÈ E SIZ È (6 ZE) NAN MATEN AN WETAN KA MOUN YO BARE PANDAN LAP POZE YON ZAK, OSINON KI FEK FINI POZE YON ZAK



LWA SA-A se **JENERAL TOUSEN** ki te kite-l pou nou !
ALE DÒMI Tande !

5) CHAK MOUN RESPONSAB TÈT YO. YO PA GEN DWA ARETE PÈSON MOUN NAN PLAS YON LOT MOUN...



Chèf...kòm nou **PA JWENN** misye, nou mete lapat sou **GRANMOUN** lakou a !

Papa !

GEN REMÈD POU TOUT BÒS PENT !

ATIK 25 : YO PA GEN DWA FÈ FOS AK YON MOUN YO VIN PRAN OU BYEN **YO VLE KENBE** NAN PRIZON, SAN PA GEN NESESITE POU SA, NI YO PA GEN DWA FÈ YON MOUN **MENAS**, NI **MALTRETEL** POU FÈL PALE.



ATIK 25.1 : YO PA GEN DWA ENTEWOJE OKENN MOUN SAN SE PA AN **PREZANS AVOKA** LI, OU BYEN AN **PREZANS YON TEMWEN MOUN** NAN CHWAZI.



ATIK 26- LE YO ARETE YON MOUN, YO PA GEN DWA **FÈMÈN** L PLIS PASE **KARANTUIT (48)** È D TAN DEPI YO TE ARETE L LA SAN YO PA **MENNEN** L DEVAN YON JIJ



MEN ATIK 26.1

SI SE POU YON KONTRAVANSYON, YO VA MENNEN MOUN YO **AKIZE A** DEVAN YON **JIJ DEPÈ**, KI VA FÈ YON DESIZYON YO PA KA CHANJE.
SI SE POU YON **FÒT** OU BYEN YON **KRIM**, MOUN YO AKIZE A PA BEZWEN OKENN PÈMISYON POU LI **MANDE YON LÒT JIJMAN**, DEVAN DWAYEN TRIBINAL KI LAN ZÒN NAN. **DWAYEN TRIBINAL** SA A, GEN POU **DESIDE IMEDYATMAN**, SAN LI PA CHITA SOU OKENN LÒT KÒZ. DAPRE KONKLIZYON MINISTÈ PIBLIK LA, **DWAYEN AN VA DESIDE** SI YO ARETE OU SI YO METE MOUN NAN LAN PRIZON

MEN BON REMÈD POU TOUT BÒS PENT

ATIK 27 :

DEZOBEDI LWA KI PWOTEJE LIBÈTE CHAK MOUN, **SE ZAK GWO PONYÈT**. MOUN YO FÈ **ABI SA YO**, GEN DWA AL NAN TRIBINAL KI LA POU SA, SAN YO PA MANDE OKENN PÈMISYON. YO GEN DWA **MANDE PINISYON** POU TOUT MOUN KI FÈ **ZAK GWO PONYÈT** SA YO, ANSANM AK MOUN KI TE EDE YO FÈ ZAK SA YO. YO TE MÈT SE **GWO CHABRAK**, YO TE MÈT NAN **NENPÒT**



DWA AK DEVWA NAN ZAFÈ EKRI AK PALE IIB


ATIK 28 : TOUT AYISYEN GEN DWA DI SA YO PANSE, LIB, JAN YO PITO.



ATIK 28.1- JOURNALIS FÈT POU YO FÈ TRAVAY YO LIB, NAN RESPÈ LA LWA. JOURNALIS YO, NAN TRAVAY YO, PA GEN OKENN PEMISYON POU YO MANDE, NI LETA PA GEN DWA KONTWOLE SA YAP DI, SOF SI PEYI A TE DEKLARE LAGE



ATIK 28.2 - YO PA GEN DWA FÒSE YON JOURNALIS DI KI KOTE LI JWENN ENFOMASYON. MEN, JOURNALIS GEN KÒM DEVWA KONTWOLE SI ENFOMASYON LI YO KOREK, SI SE LAVERITE. LI FÈT POU L RESPEKTE RÉGLEMAN METYE JOURNALIS LA.



ATIK 28.3 - SE KOD PENAL KI OKIPE TOUT FOT AK TOUT ABI KI KAPAB FÈT NAN AFE EKRI OU BYEN PALE



ATIK 29 - SITWAYEN YO GEN DWA PREZANTE PETISYON ONON YON SITWAYEN OSINON O NON PLIZYÈ SITWAYEN, MEN YO PA KA FEL NAN NON YON BRANCH LETA.



ATIK 29.1 DEPI SE LACHANM YO FE YON DEMANN KONSA, SE POU YO SUIV TOUT RÉGLEMAN KI VA PÈMÈT LACHANM VIN PRAN YON DESIZYON SOU SA.



LA LWA POU NOU TOUT !



ATIK 30 : TOUT RELIJYON AK TOUT SEREMONI LIB. CHAK MOUN LIB SWIV RELIJYON PA YO, DEPI SA YO FÈ A PA KONTRARYE LAPÈ AK TRANKILITE PIBLIK

ATIK 30.1 : YO PA GEN DWA FOSE PESONN MOUN RANTRE NAN OKENN ASOSYASYON, NI YO PA GEN DWA FOSE YON MOUN ADOPTE KWAYANS KI PA ALE AK SA LI PANSE.

ATIK 30.2 : SE LA LWA KI VA DI NAN KI KONDISYON LAP REKONÈT YON RELIJYON, NAN KI KONDISYON LI KAPAB FONKSYONE

ATIK 31: MOUN GEN DWA REYINI LIB DEPI YO PA GEN ZAM. MOUN LIB FE TOUT KALITE ASOSYASYON POLITIK, EKONOMIK, SOSYAL, KILTIREL, POU NENPOT KI REZON, A KONDISYON TOUT BAGAY FET NAN LAPÈ

ATIK 31.1
PATI POLITIK AK GWOUPE POLITIK GEN WÒL YO JWE POU VOLONTE PÈP LA VIN KLÈ. YO GEN DWA FÈT LIB. YO GEN DWA TRAVAY LIB. YO DWE DAKÒ, NI AK TOUT PRENSIP DEMOKRASI, NI AK TOUT PRENSIP KI FÈ PEYI D AYITI, SE YON PEYI KI MÈT TÈT LI. SE LALWA KI VA DI, NI NAN KI KONDISYON POU YON PATI OU BYEN YON GWOUPE POLITIK ÒGANIZE, NI KI JAN LI GEN POU LI MACHE, NI KI AVANTAJ AK FASILITE LI KAPAB JWENN.

WÒL LETA NAN KESYON EDIKASYON



ATIK 32 :
LETA DWE
DEGAJE-L POU
TOUT MOUN
JWENN BON
FÒMASYON. LETA
FÈT POU VEYE
POU CHAK
SITWAYEN KA
DEVELOPE KÒ LI,
LESPRI LI,
KONSYANS LI,
KONPETANS LI
NAN TRAVAY LI,
KI JAN TOU LI KA
RESEVWA ÈD AK



ATIK 32.1 : LEKÒL GRATIS POU TOUT SITWAYEN, SE
RESPONSABILITE LETA AK KOLEKTIVITE TERITORYAL YO
KI DWE VEYE TOU POU TOUT PWOFESE YO KIT SE LAN
LETA, KIT SE LAN LEKÒL PRIVE YO, YE BYEN PREPARE.



ATIK 32-2 :
PREMYE TRAVAY
LETA, AK KOLEKTIVITE
TERITORYAL YO, SE
FÈ YON JAN POU
METE PEYI-A SOU
WOUT PWOGRÈ TOUT
BON VRE. NAN
TRAVAY SA-A, LETA
DWE POUL BAY LEKÒL
PRIVE YO KONKOU
AK AVANTAJ.....



ATIK 32-3
TI MOUN
DWE AL
LEKÒL. LA
LWA VA DI KI
PINISYON
YO PREVVA
LE SA FÈT.
LETA DWE
BAY ELÈV
LEKÒL YO
TOUT LIV AK
TOUT SA KI
NESEÈ
POU APRANN



ATIK 32.4
MOUTRE
MOUN
TRAVAY
TÈ,
MOUTRE
MOUN
METYE,
MOUTRE
MOUN
TRAVAY
ANSANM,
AK BON
JAN
TEKNIK,
SE GWO
WÒL LETA
AK MOUN
KI ALATÈT
CHAK

Mwen te kwè
nou se yon **REPIBLIK
KOPERATIF** ?
Kote **PATNÈ** leta yo nan
MASIFÈ SA-A ?



ATIK 32-6: TOUT MOUN KI **KAPAB** GEN DWA RIVE FE
GWO ETID APRE ETID SEGONDÈ, SELON SA LI MERITE
SAN PA GEN **OKENN MOUN PA**.

Chèf mwen di Se
moun **BO LAKAY
LI** ak **PATIZAN**
li yo ki pou
enskri **ANVAN**
tout moun !

Chèf ou pa
JANM TANDE
pale de Atik
32.6 de la
konstitisyon ?

